№3
2024

OZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASI
NOKIS FILIALI

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

№ 3/2024

# MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ

# QASHQAR RUBABI BASLANǴISH SABAQ BARISINDAǴI TÁLIM MASHQALALARI TIYKARINDA

**Rajabov X.J.**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Muzıka kórkem óneri túsiniginde birinshi kóz aldımızǵa keltiretuǵınımız bul nama, yaǵniy sesler uyǵınlıǵı bolıp tabıladı. Insan túrli ańlatpa quralları menen óz pikirlerin bayan etip, ishindegi sezim-tuyǵısın hám oy-pikirin basqalarǵa jetkeredi. Muzıka, namanıń jańlawı, álbette, muzıkalıq sazlar járdeminde ámelge asırıladı. Áne sonday sazlardıń biri bul qashqar rubabı bolıp tabıladı. Rubab tariyxı uzaq ótmishlerge barıp taqaladı.

**Gilt sózleri:** muzıka, kórkem óner, uqıp, atqarıwshılıq, usıl, tájiriybe.

**Аннотация:** Первое, что приходит на ум о понятии музыкальное искусство – мелодия. Человек – выражающий свои мысли и чувства другим с помощью различных средств выражения. Музыка, мелодия, выражается с помощью музыкальных инструментов. Одним из таких инструментов является кашгарскийрубаб. История кашгарскогорубаба уходит своими корнями в далекое прошлое.

**Ключевые слова:** музыка, искусство, мастерство, исполнение, стиль, опыт.

**Annatation:** The first thing that comes to mind about the concept of musical art is melody. A person expresses his thoughts and feelings to others through various means of expression. Music, melody is expressed using musical instruments. One of these instruments is the Kashgarrubab. The history of the Kashgar rubab is rooted in the distant past.

**Keywords:** music, art, skill, performance, style, experience.

Rubab áyyemgi sazlardan biri bolıp, usı búnge shekem xalqımız qolınan túspey kelmekte hám atqarıw kórkem óneri rawajlanıp barmaqda. Bul procesti jáne

de rawajlandırıw ushın keleshekte jetik qánigelerdi tayarlawda, saz atqarıwshılığında muzıkalı tálimniń uzınlıǵı, oqıwshı – jas studentlerge úyretiwde, teoriyalıq hám ámeliy bilimlerin iyelewi zárúrligi, qashqar rubabın úyreniw shep qol barmaqların tuwrı qoyıw kónikpesin qáliplestiriw hám bekkemlew, poziciyalar almasıwın, shtrixlardı puqta iyelewi, saz grifina notanıń jaylasıwın taba alıwı, notanı oqıw hám tardan-tarǵa ótiwi sıyaqlı quramalı procesti dıqqat penen uǵıp alıw zárúr boladı.

Qashqar rubabta atqarıw sheberligi, atqarıwshılıq óneriniń kóp ǵana komleks máselelerin óz ishine aladı.

Shep qol hám oń qollardaǵı túrli háreketler hám usıllardıń qáliplesiw procesi bir qansha quramalı. Sonıń ushın qashqar rubabta atqarıw texnikası ústinde islegende hárbir qoldı bólek-bólek, eki qoldı birge anıq maqset hám wazıypaǵa boysındırıwǵa jetisiw kerek.

Bul maqalada avtordıń kóp jıllıq pedagogikalıq tájiriybesi nátiyjesinde qashqar rubabınıń baslanǵısh sabaq beriw procesindegi tálim mashqalaları, muzıkalıq sawatxanlıq tálim tiykarlarınıń teoriyalıq hám ámeliy máseleleri jarıtılǵan.

Qashqar rubabın shertiwdi úyretiw dáslepki wazıypa bolıp, qaǵıyda menen, ne nárselerge dıqqattı jámlew kerek bolǵan bir qatar strukturalıq bóleklerdi óz ishine aladı, Buǵan tómendegiler kiredi: esitiw qábiletin rawajlandırıw, rubabta dawıs shıǵarıw usılların qáliplestiriw, muzıkalıq sawatxanlıq tiykarların úyreniw hám basqalar.

Biraq hár dayım studentlerde ushırap turǵan kemshiliklerden biri bul qashqar rubabın tuwrı tutıw (pastanovkası), qanday qılıp dawıs shıǵarıw kerekligin tuwrı úyreniw kerek. Sol munásibet penen, qashqar rubabın shertiwde sazlawdı, ózlestiriw dáwirin bir qatar elementlerge ajıratıw kerek, olar ústinde birme-bir shuǵıllanıw kerek.

Sonıń menen, biz shınıǵıwdı "belgilengen maqsetke erisiw ushın studentke usınıs etilgen tapsırma" dep atawımız múmkin.

Birinshi sabaqta student ushın shınıǵıwlardı oqıtıwshı belgileydi. Bulachevskiy hám Fominlar "Qısqa muzıkalı sózlik"te shınıǵıwǵa tómendegi táriyipti berdi: "Atqarıwshınıń texnik tayarlanıwı ushın mólsherlengen hár qıylı sesler variaciyaları hám bólekler". Biziń temamızda biz shınıǵıwdıń dáslepki bas qıshlarda bir-birinen parqlanatuǵın wazıypaların qoydıq.

Sol munásibet penen qashqar rubabtı shertiwdi úyreniwdıń dáslepki basqıshlarında student dus keletuǵın tiykarǵı elementlerdi anıqlaw zárúriyatı tuwıldı.

Máselen: Eger student rubab shertiwde mediatordı qanday tuwrı tutıw hám onnan qanday paydalanıw boyınsha shınıǵıwlardı shertpese, biz "Tremolo" shtirixı dawamında turaqlı notalar sozımın atqara almaymız.

Sımlarda qoldıń áste háreketlerinen baslap, soń olardı áste-áste tez háreketlerge keltiriń. Jáne bir jaǵday, eger student ásbaptı alıp, onı shertetuǵın jaǵdaylarda olar óziniń gúzetiwlerinen paydalanǵan jaǵdayda qolǵa aladı. Biraq, ol qolların professional tárizde qoyıp, ásbapqa jóneltirilgen jaǵdaydı beriwi menen-aq, studentti jelkeleri hám qol bulshıq etleri bunday hárekette isletilmegen jelkelerdiń, qollardıń bulshıq etleri sharshawı tábiyiy jaǵday.

Sonı yadta tutıw kerek, oqıtıwshı studenttiń tayyarlanıwın esapqa alǵan halda shınıǵıwlardı izlewi kerek.

Qashqar rubab úyreniwdegi dáslepki sabaqlar dawamında, kop jıllıq teoriylıq hám ámeliy izleniwler, tájiriybege tayanıp rubab shertiwdi rawajlandırıwǵa qatnasatuǵın úsh zárúrli strukturalıq bólekti kórip shıǵıw usınıs etiledi.

1. Qashqar rubaptıń uslaw jaǵdayı (pastanovka)
2. Dawıs shıǵarıwda mediatordıń roli
3. Shep hám oń qol texnikasın rawajlandırıw.

Bulardı kórip shıǵıp, jeke ámeliy hám pedagogik tájiriybege tiykarlanǵan halda shınıǵıwlardı máslahát beremiz. Qashqar rubabta pastanovka (rubabtı tuwrı uslaw), shertiw halatına siz tómendegilerdi orınlawıńız tiyis: atqarıwdı tuwrı erkin

ormlaw ushın ayaqlarıńızdı jelkeńizdiń keńliginde qoyıń. Jelkeler páske, bosaǵan bolıwı kerek.

Aqılıy ráwishte, ásbapsız, shep qoldı tirsek qosılıwna búgilgen halda kóteriń, sonda qol jelke dárejesinde boladı. Bunday jaǵdayda, shep qoldıń barmaqları yarım aylana formada iyilgen bolıwı kerek. Rubaptıń dáste bólimi bas barmaqtıń qasında, yaǵnıy astında bolıp, dásteden uzaqda bolmawı kerek.

Tirsek qosılıwındaǵı búgilgen oń qol atqarıwshınıń denesine qosılmawı hám shama menen 10 sm aralıqta bolıwı kerek.

Bunday jaǵdayda rubab denesin yaǵnıy dásteni uslap turǵanda onıń úsh dana baylanıs tochkası barlıǵın analiz qılıw kerek – tirsek, jelke buwınları hám kókrektiń tómengi bólimine basılǵan halda bolıw kerek.

Rubab penen keyinshellik, bul shınıǵıwdı tákrarlawda, rubabtıń dástesindegi shep qoldıń jaǵdayına itibar beriw kerek. Bul shınıǵıw studenttiń fizikalıq qásiyetleri menen baylanıslı bolıwı kerek.

Bul bárshe tayarlıq háreketlerin biz qashqar rubabında shertiwdiń rawajlanıwındaǵı dáslepki shınıǵıwları dep atawımız múmkin boladı. Rubabtı tuwrı uslaw uqıbın rawajlandırıwda studenttiń múskil sharshaqların páseyttiriw zárúr. Sonıń ushın, eger bul shınıǵıw bir neshe márte tákrarlanbasa, onda rubab shertiwdıń dáslepki sabaqları qısqa múddetli bolıwı múmkin.

Joqarıdaǵı jaǵdaydı esapqa alıp sabaq barısında shınıǵıw waqtında sonday bólistiriw kerek, dem alıw minutlarıda bolsın.

Atqarıw waqtında uqıbın sanalı túrde rawajlandırıw áwelenbar, mediator menen islew wazıypasın tuwrı biliw kerek, rubapta dawıs shıǵarıw sapasına tásir etiwshi bir qatar faktorlar analiz qılınıwı kerek.

Buǵan tómendegiler kiredı: sapası, mediator ne nárseden jasalǵanlıǵı, forması, dawıstıń rubab sımınıń qáyerinen shıǵarılıwı, mediatordı tuwrı tutıw, háreket tezliginiń rawajlanıwı, onıń qaysı múyeshinde dawıs shıǵarıwın biliw kerek.

Mediatordan paydalanıwdıń dáslepki shınıǵıwların kórip shıǵıwımız (bul jerde, álbette, mediator bárshe kerekli studentlerge juwap beriwin názerde tutamız).



1-súwret

Mediator tuwrı uslaw ushın oń qoldıń bas barmaǵınıń birinshi buwını aralıǵında uslap turıw kerek. Mediatordı tutıw jaǵdayı sonday bolıw kerek, kórsetkish barmaǵınıń ekinshi buwınınıń dawamı bolıw kerek.



Oń qol 2-súwret
tuwrı



Oń qol 3-súwret
tuwrı emes

Mediatordı tuwrı isletıw ushın siz tómendegi shınıǵıwlardı bejerıwińız kerek (2-3 suwretlerge qarań). Joqarıda jazılǵan sıyaqlı, mediatordı oń qolǵa alıp, qalǵan

bárshe baqmaqlar, yarım aylana formada iyilgen jaǵdayda, olardı bir-birine jaqınlastırıń, sonda baqmaqlar ortasında bos jay qalmasın.

Plektor ásbaplarında, atap aytqanda, rubabta kontelina, sesler úyǵınlıǵın dawıstı rawajlantırıw ushın tremolo texnikası menen shertiw arqalı ámelge asırıladı.

Qashqar rubabta ózine say tártibte, mediator menen tómenge shertiw ańsat hám bunnan tısqarı dawıslardıń sapalı, kúshlı esitiliwi tárepinen mediator menen tómennen joqarıǵa berilgen urmadan biraz parıq qıladı. Tremoloda shertiw texnikasın islep shıǵıwda studentlerge rubab tarların áste shertip, soń áste-áste tezletiwdi baslawdı másláhát beredi.

Student rubab dástesin tolıq ózlestirmegen bolsada tremolo texnikasın ashıq sımlarda shuǵıllanıwdı baslaw maqsetke muwapıq boladı. Ámeliyatta bárshe tarlardı birdey qıyınshılıqlar menen shertiw múmkin emesligi tájriybede gúzetilmekte. Bul birinshi sım – lya da shertiw ańsat, ekinshi – mi da biraz qıyınlaw, úshinshi – si da bolsa qıyın.

Bul úshewi sımlardıń hár túrli tereńligi hám olardıń jaylasıwı menen baylanıslı. Bunday jaǵdayda, oń qol dawıs shıǵarıwda qoldıń jaǵdayın ózgertiw múmkin. Birinshi qatarda tremolo baslaw másláhát beriledı:

Birinshi – lya sımında. Máselen:



Ekinshi – mi sımında. Mısalı:



Úshinshi- sımında. Mısalı:



Tremolanıń bir tegis dawıs payda etiwdegi júdá zárúrli waqıtı bul dawıstıń baslanıwı yamasa dawısı rawajlanıp jáne onıń tarqalıp tamamlanıw waqıtı bolıp tabıladı. Kóbinese, bulekifaktor ústinen atqarıwshı qadaǵalawı ámelde bolmaǵanda, negizsiz akcentler ámelde boladı.




Bunday jaǵdayda, álbette, shınıǵıw procesinde akcentke jol qoymaw ushın mediatordı joqarıǵa kóteriw menen sımnan úziw kerek. Qashqar rubabında jırlaw kónlikpelerin rawajlandırıw, dawıs shıǵarıwda qatnasıwshınıń ornı boyınsha biz rubabtı shertiw procesinde shep hám oń qoldıń óz-ara tásiri máselesine logikalıq jaqtan kórip shıǵamız.

Bul jerde studenttiń sanasın shep hám oń qolınıń barmaqları texnikasınıń muwapıqlastırılǵan háreketlerin rawajlandırıwǵa aktiv baǵdarlanǵanlıǵına itibar qaratıw kerek. Ádette, student barmaqların rubab sımına qoyıw wazıypası menen dus kelip, ol barmaqların ásbaptıń perde (ladınajaqın) tekshesine, barmaq dastıǵın jaylasıwına isenim payda ete baslaydı. Usınıń menen birge, oń qol menen rubab sımına urımları itibarǵa alınbay qaladı. Solay eken, kóbinese oń qol menen urımlar rubab sımınan ótip ketkeni gúzetiledi.

Dáslep, student ushın bul wazıypanı orınlaw qıyın, ol kóriw qábiletine múráját etiwdi baslaydı. Biraq, biraz waqıt ótedi hám student bir waqıttıń ózinde kerekli dawıstı kóriwdi baslaydı. Bul process avtomatlastırıw jaǵdayǵa kiredi.

Atqarıw procesindegi uqıp rawajlanıp, asıp barıwı háreketlerdi estetikalıq táreplerine ámel etiw kerek, barmaqlar ásbaptıń dasra bóleginen bálent kótermesten hámme diatordıń urılıwınan shep qol rubab sımlarınan uzaqlaspawı kerek.

Bunday qadaǵalawdıń mánisi ulıwma anıq hám ol racional háreketlerden saqlanıw, bálkim olardı máqsetke muwapıq túrde ońlawdan ibarat. Bunday jaǵdayda tómendegi shınıǵıwlardı usınıs etiw múmkin:




Biraq soqqı urıwlar kombinaciyası oqıwshını ońqoldıń racional háreketlerine ámel qılıwǵa májbúr etedi. Ámelde shep qoldıń birinshi hám ekinshi barmaqları úshinshi hám tórtinshi barmaqlarǵa qaraǵanda kóbirek rawajlanǵan ekenligin kóriw múmkin.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Abu Nasr Farabiy. Risolalar. Úlken muzıka kıtabında. Tashkent, 1975.
2. Feoktist Nikiforovich Vasilyev. Qashqar rubabı ushın gamma hám arpedjio applikaturası. Tashkent, 1978.
3. Ражабов Х. Ж. Усовершенствование традиционных музыкальных инструментов Средней Азии (на примере узбекских и туркменских инструментов) //Проблемы современной науки и образования. – 2019. – №. 6 (139). – С. 102-105.
4. Ражабов Х. Ж. и др. Об однородных разностей схемах хорового дирижирования //Science and Education. – 2023. – Т. 4. – №. 10. – С. 258-263.
5. Jumayevich R. X. QASHQAR RUBOBIDA BOSHLANG ‘ICH DARS JARAYONIDAGI TA’LIM MUAMMOLARI XUSUSIDA //Central Asian Research Journal for Interdisciplinary Studies (CARJIS). – 2022. – T. 1. – №. Conference DSMI. – C. 224-229.

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Allanbaev R.O.** QOSÍQSHÍLÍQTÍŃ BÚGINGI KÚNDEGI ÁHMIYETI…………………………………………………………… | 3 |
| 2 | **Kulchigayeva M.** QORAQALPOQ XALQ QOʻSHIQLARINING OʻZIGA XOS XUSUSIYATLARI HAQIDA ……………….................. | 10 |
| 3 | **Charshemov J., Muratbaeva R.** JAŃA RUXTAǴÍ XALÍQ QOSÍQLARÍ………………………………………………………………. | 16 |
| 4 | **Charshemov J.** XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI | 22 |
| 5 | **Abatbaeva R.** QORAQALPOQ MUSIQA SAN'ATIDA SYUITA JANRINING RIVOJI……………………………………………………… | 28 |
| 6 | **Rasbergenova X.S.** MUSIQANING INSON SALOMATLIGIDAGI OʻRNI VA AHAMIYATI……………………………………………… | 38 |
| 7 | **Abdisultanov J.** QARAQALPAQ MUZÍKASÍNDAǴÍ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLER (QARAQALPAQ MUZÍKALÍ DRAMALARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ)………………………….. | 43 |
| 8 | **Charshemov J., Orazalieva G.** BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ.................................................................................... | 49 |
| 9 | **Zuxurov M.** VIOLONCHEL SAZ ASBABINIŃ KELIP SHIǴIWI, ORKESTR HÁM KAMER ANSAMBLLERINDE TUTQAN ORNI….. | 54 |
| 10 | **Uzoqov D.S.** UYGʻUR MUSIQALI TEATRINING MARKAZIY OSIYODA PAYDO BOʻLISHI……………………………………… | 59 |


### KÓRKEM ÓNER


| | | |
|---|---|---|
| 11 | **Mamutov P.A.** KOMPOZITOR HIKMAT RAJABOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI HAQQÍNDA...…………………………….. | 65 |
| 12 | **Abdikarimova I.** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ……………………………… | 71 |
| 13 | **Sobirjonov A.** OʻZBEK OPERA XONANDALIGIGA VA MILLIY QOʻSHIQCHILIGIGA ERGASH YOʻLDOSHEVNING QOʻSHGAN HISSASI.........................................……………………… | 76 |
| 14 | **Saidxonov A.S.** XX ASR YANGI VENA MAKTABI IJODKORLARI TARIXNING YANGICHA KOʻRINISHI………………………… | 80 |
| 15 | **Dauletbaev T.Q.** QORAQALPOQ BAXSHICHILIK SAN’ATINING RIVOJIDA GʻAYRATDIN UTEMURATOVNING MEHNATLARI…. | 90 |
| 16 | **Matimuratov S.** QARAQALPAQ KÓRKEM ÓNERINDE XOSH HAWAZ BÚLBÚL TAMARA DOSHUMOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ… | 95 |
| 17 | **Ońǵarbaeva L.** CHANG SAZ ÁSBABÍNÍŃ TARIYXÍ HÁM USTAZ ATQARÍWSHÍLARÍ………………………………………..……. | 100 |
| 18 | **Sharipov A.Sh.** XONANDALIKDA IJROCHILIK TAMOYIL VA MEʻZONLARI……………………………………………………. | 106 |

## MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ


| | | |
|---|---|---|
| 19 | **Rajabov X.J.** QASHQAR RUBABI BASLANǴISH SABAQ BARISINDAǴI TÁLIM MASHQALALARI TIYKARINDA...………. | 110 |
| 20 | **Abatbaeva U.A.** ART-PEDAGOGIKALIQ HÁM ART-TERAPEVTIKALIQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARINDA BASLANǴISH KLASS OQIWSHILARIN ESTETIK TÁRBIYALAW MODELI………………………………………………………… | 118 |
| 21 | **Jumaniyazov O‘.** O‘QUVCHILARGA XALQ CHOLG‘ULARINI O‘RGATISHDA SHARQ ALLOMALARI MUSIQIY RISOLALARINING AHAMIYATI………............................................ | 125 |
| 22 | **Любимцева В.С.** ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ – ВАЖНОЕ УСЛОВИЕ ДЛЯ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО МАСТЕРСТВА ПРЕПОДАВАТЕЛЯ……………………………….... | 131 |
| 23 | **Matjanova M.** OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIK TÁRBIYALAWDA ÁMELIY QOLLANIW METODLARÍ, FORMA HÁM QURALLARI... | 136 |
| 24 | **Jumabaev A.** NOTA OQIW TÁJIRIYBESINDE ATQARIWSHILIQ KÓNLIKPELERIN ÓZLESTIRIW HÁM QÁLIPLESTIRIW……….. | 143 |
| 25 | **Раджабова Н.** АКТИВИЗАЦИЯ ТВОРЧЕСКИХ НАВЫКОВ С ИСПОЛЬЗОВАНИЕМ ИНТОНАЦИОННЫХ ОСОБЕННОСТЕЙ МЕЛОДИИ В МЕТОДИКЕ ПРЕПОДАВАНИЯ СОЛЬФЕДЖИО…. | 149 |
| 26 | **Mutalov D.A**. YOSHLARNING MA’NAVIY SHAKLLANISHIDA MUSIQANING O‘RNI…………………………………………… | 154 |


## JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER


| | | |
|---|---|---|
| 27 | **Palımbetov K.S.** QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR FOLKLORÍNÍŃ ÚYRENILIW MÁSELESI……………………………………..……… | 160 |
| 28 | **Bekbergenova Z.** 1990-2000-JÍLLARDAǴÍ QARAQALPA AMATURGIYASÍ HAQQÍNDA | 168 |
| 29 | **Marziyayev J.K.** EKOLOGIK MADANIYAT VA UNI SHAKLLANTIRISH: EKOLOGIK MUAMMONI OLDINI OLISHNING BIR USULI SIFATIDA…………………………. | 176 |
| 30 | **Sadenova G.P.** KÓRKEM SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI HÁM USÍLLARÍ……………. | 181 |